# I. ЖАЛПЫ АЙМАҚЛЫҚ ӨНИМ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ

Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2020 жылдың январь-мартында ислеп шығарылған жалпы аймақлық өнимниң (ЖАӨ) көлеми 3955,1 млрд. сўмды қурады ҳәм 2019 жылға салыстырғанда өсим пәти 103,9 процентке тең болды.

2020 жылдың январь-март айларында ЖАӨ дефлятор индекси 111,1 процентти қурады.

**Январь-март айларында Қарақалпақстан Республикасы жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *млрд.сўм* | | *2019 жылға салыстырғанда, % те* |
|---|---|---|---|
| | *2019жыл* | *2020жыл* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **3426,4** | **3955,1** | **103,9** |
| *соннан:* | | | |
| Тараўлардың жалпы қосылған қуны | 3066,2 | 3617,2 | 103,9 |
| Өнимлерге болған салықлар | 360,2 | 337,9 | 104,1 |
| **II. Тараўлардың жалпы қосылған қуны** | **3066,2** | **3617,2** | **103,9** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 401,7 | 481,4 | 104,3 |
| Санаат (қурылысты қосқан жағдайда) | 1395,4 | 1599,8 | 105,0 |
| санаат | 1143,0 | 1304,6 | 106,1 |
| қурылыс | 252,4 | 295,2 | 100,4 |
| Хызметлер | 1269,1 | 1536,0 | 102,5 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 195,6 | 223,0 | 101,4 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 229,5 | 267,1 | 107,3 |
| басқа хызметлер | 844,0 | 1045,9 | 101,5 |

**Жалпы аймақлық өнимниң тараўлар бойынша қурамы**
**январь-март жағдайына**
*(жәмине салыстырғанда % те)*







2020 жылдың январь-март айларында Қарақалпақстан Республикасы экономикасының тийкарғы тараўларында гүзетилген өсим пәтлери ЖАӨ өсиўинде

тийкарғы фактор болып хызмет етти. Атап айтқанда, аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығының өсим пәти – 104,3 % (ЖАӨ қурамындағы үлеси 13,3 %), санаат (қурылысты қосқан ҳалда) – 105,0 % (44,3 %) ҳәм хызметлер тараўы – 102,5 % (42,4 %).

**Январь-мартайларында Қарақалпақстан Республикасы жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы,**
*жәмине салыстырғанда % те*

| | *жәмине салыстырғанда % те* | | *өткен жылға салыстырғанда парқы, (+;-)* |
|---|---|---|---|
| | *2019 йил* | *2020 йил* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **100,0** | **100,0** | **х** |
| *соннан:* | | | |
| Тараўлардың жалпы қосылған қуны | 89,5 | 91,5 | 2 |
| Өнимлерге болған салықлар | 10,5 | 8,5 | -2 |
| **II. Тараўлардың жалпы қосылған қуны** | **100,0** | **100,0** | **х** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 13,1 | 13,3 | 0,2 |
| Санаат (қурылысты қосқан жағдайда) | 45,5 | 44,3 | -1,2 |
| санаат | 37,3 | 36,1 | -1,2 |
| қурылыс | 8,2 | 8,2 | - |
| Хызметлер | 41,4 | 42,4 | 1,0 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 6,4 | 6,2 | -0,2 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 7,5 | 7,4 | -0,1 |
| басқа хызметлер | 27,5 | 28,8 | 1,3 |

**2020 жыл январь-мартында ЖАӨниң экономикалық хызмет түрлери бойынша өсим пәтлери**




Қарақалпақстан Республикасы экономикасының барлық тараўларында жаратылған жалпы қосылған қун (ЖҚҚ) көлеми улыўма ЖАӨниң 91,5 процентин, онимлерге болған салықлар болса, 8,5 процентин қурады.

*Есабат дәўиринде халықтың жан басына ислеп шығарылған жалпы аймақлық өним көлеми 2080,4 мың сўмды қурап, өткен жылдың тийисли дәўири (1829,7 мың сўм) не салыстырғанда 2,4 процентке асты.*

Санаат (қурылысты қосқан жағдайда) тараўының ЖАӨниң тараўлар бойынша қурамындағы үлеси 1,2 процентли пунктке (ЖАӨ қурамындағы үлеси 44,3 %) кемейди. Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығының ЖАӨ қурамындағы үлеси 2020 жыл январь-мартта 13,3 процентти қурады ҳәм 2019 жыл (13,1 %) менен салыстырғанда 0,2 процентли пунктке ҳәмде хызметлер тараўының ЖАӨ қурамындағы үлеси 42,4 процентти қурады ҳәм өткен жыл (41,4 %) менен салыстырғанда 1,0 процентли пунктке асты.

Саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлердиң ЖАӨ қурамындағы үлеси 6,2 процентти (2019 ж. – 6,4 %), тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс – 7,4 процентти (7,5 %), хызмет көрсетиўши басқа тараўлар – 28,8 процентти (27,5 %) қурады.

**Хызметлер тараўының жалпы қосылған қуны қурамы**
*(жәмине салыстырғанда % те):*




